Pou Piblikasyon Imedya: 09/04/2018 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLAN EKSPANSYON POU AIR-FLO MANUFACTURING NAN KONTE CHEMUNG

Fabrikan Ekipman Endistri Kamyon an Pral Kreye Jiska 40 Nouvo Pòs Travay; Yo Pral Konsève 200 Pòs Travay

Envestisman nan Konpayi ki Etabli an Li Konplemante "Southern Tier Soaring" – Ki Se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo epi Devlope Ekonomi an

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a konpayi fabrikan ekipman endistri kamyon an Air-Flo Manufacturing pral elaji operasyon li yo nan Konte Chemung. Konpayi istorik lan pral achte 310,000 pye kare espas nan ansyen etablisman Belden Connectivity an ki nan Main Street North nan Horseheads, New York kote li pral konsolide operasyon manifakti akseswa ak bèn kamyon li yo, epi etabli nouvèl liy pwodiksyon. Kòm yon rezilta, konpayi an pral kreye 40 nouvo pòs travay; yo pral konsève tou 200 pozisyon a tan konplè gras a sipò yo jwenn nan men Eta a. Pwojè ekspansyon sa a sipoze fini an desanm 2018.

"Ekspansyon ak reyisit Air-Flo ki ap kontinye a pral ede bay bourad a kwasans ekonomik nan Konte Chemung ak atravè Southern Tier", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou pral kontinye envesti nan konpayi ki angaje nan kreye travay epi ki ap devlope biznis nan New York."

ESD ap sipòte kwasans Air-Flo nan bay jiska 900,000 dola nan rekonpans yo. Jiska 475,000 dola ladan yo pral soti nan yon Sibvansyon Devlopman Ekonomik Konsèy Rejyonal Southern Tier an (Southern Tier Regional Council Economic Development Grant). Yo pral bay jiska 425,000 dola atravè Pwogram Kredi Enpo Eksèlsyò a (Excelsior Tax Credit Program) epi li lye a angajman kreyasyon travay yo. Konte Chemung ap bay rekonpans tou pou plan ekspansyon an. Montan total pwojè a se 3 milyon dola.

"Pandan ke m'ap vwayaje epi vizite kominote nou yo ki nan rejyon nò a, mwen wè rezilta angajman inebranlab administrasyon sa nan kreyasyon yon anviwònman ki ap pèmèt biznis yo devlope", **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** "Anons jodi a se ankò yon lòt siy ki montre ke Southern Tier ap pran elan. Gras a sipò Eta New York, biznis tankou Air-Flo yo ap ogmante envestisman yo epi kreye plis travay ki byen

peye nan kominote yo an. Ekspansyon Air-Flo se yon lòt bourad konsiderab pou Konte Chemung ak rejyon an.”

Air-Flo Manufacturing te fonde nan ane 1940 yo pa twa frè ki t’ap chèche yon pi bon fason pou rekòlte zonyon. Pou kapab otomatize ansyen modèl rekòt zonyon ki konn fèt manyèlman yo, fondatè konpayi an te devlope epi fè patant pou yon machin rekòt mekanik. Konsepsyon inik lan te itilize prensip “lè ki ap soufle” (air flow) pou opere machin rekòt lan. Pandan ane 1960 yo, Air-Flo te fè tranzisyon nan fabrikasyon ekipman kamyon ak entwodiksyon atik pwopagasyon kontwòl pou glas yo. Apati ane 1980 yo, li te ajoute bèn kamyon baskil yo ak bèn baskil miltifonksyon Flo N' Dump ki popilè anpil kounye a ki nan liy ekipman kamyon yo ki ap ogmante an. An 2000, Air-Flo te elaji etablisman manifakti li yo, ouvri yon nouvèl izin nan Elmira ki devwe a manifakti bèn baskil Pro-Class® ak Pro-Max® ak Quick-Silver Snow Plow. Resamman, Air-Flo te resevwa plizyè kontra nan men leta pou konstwiksyon pake kamyon baskil DOT klas 8 yo, epi kòm yon rezilta, konpayi an planifye ajoute plis kapasite manifakti nan fiti.

Prezidan Air-Flo a Chuck Musso te deklare, “Air-Flo fyè pou li anonse ekspansyon operasyon manifikti nou yo nan Konte Chemung. Kwasans ak reyisit konpayi nou an relye dirèkteman ak bon jan kalite ekipman kamyon ki te konstwi pa bon jan anplwaye nou yo ki ap travay di epi ki te fè zòn sa vin tounen lakay yo. Nan ekspansyon sa, nou kontan pou nou fè patenarya ak Empire State Development, Southern Tier Economic Growth, ak IDA Konte Chemung lan. Avni Air-Flo parèt briyan anpil nan Southern Tier”!

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare, “Ekspansyon Air-Flo Manufacturing, ki ap bay travay ak rezilta reyèl, ajoute sou istwa kwasans ekonomik ak reyisit rejyonal Southern Tier ki ap kontinye an”.

Tom Tranter, ki se Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier lan (Southern Tier Regional Economic Development Council, STREDC), Prezidan Corning Enterprises ak Harvey Stenger, Prezidan Binghamton University, te deklare, “Gras a travay li, konsèy rejyonal lan angaje nan sipòte kwasans biznis ki reyisi, ki etabli, tankou konpayi Air-Flo Manufacturing. Plan devlopman ekonomik Southern Tier Soaring lan ap reyèlman fè yon diferans, favorize devlopman ekonomik epi kreye bon jan travay nan rejyon an”.

Senatè Eta a Thomas O’Mara te deklare, “Ekspansyon Air-Flo Manufacturing lan nan Konte Chemung li se yon nouvèl ekonomik ki gen anpil enpòtans pou tout rejyon Southern Tier an. Se yon lòt testaman de reyalite ke envestisman eta a nan bon jan fabrikan ki reyisi yo tankou konpayi Air-Flo sa pral pwodwi avantaj pou travayè ak fanmi ki nan zòn nan yo, ki gen ladan nouvo pòs travay ak opòtinite ekonomik”.

Chèf Egzekitif Konte Chemung, Thomas Santulli, te deklare, “Nou ekstrèmman kontan dèske Air-Flo ap elaji operasyon manifakti ki reyisi anpil li yo nan kominote nou an. Acha ansyen Etablisman Belden yo fè nan Horseheads lan, ki pral kreye 40 pòs travay ki byen peye an plis de konsève 200 pozisyon a tan konplè, se egzakteman modèl nouvèl ke kominote nou an bezwen. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo ansanm ak Empire State Development pou sipò pèmanan yo nan revitalize ekonomi Southern Tier a”.

Prezidan Southern Tier Economic Growth la, Mike Krusen te deklare, “Anons jodi a se yon nouvèl ki byenvini pou Konte Chemung ak anplwaye ki ap travay di yo nan Air-Flo. Se yon testaman de klima biznis ki ap amelyore nan rejyon nou an lè yon patnè biznis presye tankou Air-Flo chwazi elaji operasyon li yo nan kominote nou an. Mèsi a Eta New York pou kowoperasyon yo nan pwojè sa”.

Pou kapab jwen Plis Enfòmasyon sou Air-Flo Manufacturing, klike la a.

Akselere “Southern Tier Soaring”

Anons jodi a vin konplemante pwojè “Southern Tier Soaring”, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlòpman kominote a. Eta te deja envesti plis pase 4.6 milya dola nan rejyon an depi 2012 jete baz pou plan – atire fòs travay ki gen talan, devlopman biznis epi pwomouvwa inovasyon. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gran Resesyon an; taks sou revni pèsonèl ak taks sou antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Binghamton, Johnson City ak Corning kòm destinasyon pou devlope epi envesti. Koulye a, rejyon an ap akselere siksè “Southern Tier Soaring” ak yon envèstisman eta 500 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta la (Upstate Revitalization Initiative), jan Gouvènè Cuomo te anonse li a an Desanm 2015. Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib isit la.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU